

7 Bagay Ou Dwe Konnen Konsènan Reyalizasyon Yon Kolonoskopi

Depistaj kansè kolorektal enpòtan paske li ka fè prevansyon kansè oswa dekouvri li bonè lè li ka pi fasil pou trete. Sosyete Ameriken Kansè rekòmande tès kansè kolorektal pou tout moun ki kòmanse nan laj 45, menm si kèk moun ki gen sèten faktè risk ka bezwen kòmanse nan yon laj pi piti. Kolonoskopi se youn nan tès ki pi komen paske non sèlman li ka jwenn kansè nan kolon ak rektòm, men li ka jwenn tou polip yo ka retire anvan yo tounen kansè. Lè w konnen a kisa w dwe atann, sa ka retire kèk nan laperèz ak enkyetid pou yon kolonoskopi ak preparasyon ki nesèsè pou li. Men 7 bagay ou dwe konnen anvan ou ale:

Yon kolonoskopi se yon egzamen ki pèmèt yon doktè byen gade anndan tout kolon an ak rektòm lan pou jwenn polip oswa siy kansè. Polip yo se ti kwasans ki ak yon sèten tan ka vin kansè. Doktè a sèvi ak yon tib fleksib, kre, ki gen limyè ak epesè yon dwèt ki gen yon ti kamera videyo nan pwent li. Tib sa a, ke yo rele kolonoskop, ki entwodwi dousman andedan kolon an voye foto sou yon ekran televizyon. Yo ka pase enstriman espesyal nan kolonoskop la pou retire ti polip oswa pran echantyon tisi si sa nesèsè.



1 Kisa yon kolonoskopi ye?



2 Kisa yon preparasyon entesten ye?

Preparasyon entesten se yon pwosis pou netwaye kolon an otank posib pou doktè a ka wè anndan an klè epi jwenn bon foto. Preparasyon an ka gen ladan manje yon rejim espesyal, bwè jiska yon galon laksatif likid, medikaman, epi pafwa lavman ki fè w ale nan twalèt anpil. Ou ka resevwa enstriksyon tou pou sispann pran sèten medikaman san preskripsyon oswa ak preskripsyon jiska yon semèn anvan tès la.

Yo ka fè kolonoskopi nan yon kabinè doktè, lopital, klinik, oswa sant chiriji. Tès yo anjeneral fèt nan yon chanm prive.



Ki kote yo fè kolonoskopi?



A Kisa w dwe atann

Kolonoskopi an dire apeprè 30 minit. Anjeneral yo bay pasyan yo medikaman pou ede yo detann ak dòmi pandan y ap fè l. Se poutèt sa, ou p ap gen dwa kondwi apre sa, kidonk yon moun ou konnen dwe vini avèk ou epi mennen w lakay ou. Ou pral gen tou pou planifye rete lakay ou nan jou tès la jiskaske efè medikaman yo pase.

Pifò moun pa santi doulè pandan nenpòt nan tès yo, men yo ka santi kranp oswa malèz apre sa. Doktè a ka soufle lè nan kolon an pandan tès la pou kenbe l louvri epi wè li pi byen, sa ki ka lakòz malèz gaz.



Èske li fè mal?



E si yo jwenn yon bagay?

Si yo jwenn yon ti polip pandan yon kolonoskopi, doktè w pral pwobableman retire li pandan tès la. Si yon polip twò gwo pou yo retire, oswa si ou gen yon anomali ki sanble kansè, doktè a pral pran yon ti moso ladan l pou verifye si li gen kansè oswa selil prekansè (yon byopsi). Rezilta yo nan byopsi an pral detèmine si ou bezwen pwosedi adisyonèl oswa tretman.

Si yo pa jwenn anyen, ou ka fè jiska 10 ane san yon lòt tès. Si yo jwenn yon bagay, ou ka bezwen tès oswa tretman pi souvan. Moun ki gen plis pase 75 an ta dwe pale ak founisè swen sante yo pou konnen si yo ta dwe kontinye fè tès depistaj yo.



Chak kilè yon kolonoskopi nesèsè?



cancer.org/coloncancer | 1.800.227.2345